


GID PREPARASYON POU IJANS POU BILDING APATMAN NAN VIL NEW YORK



***ENFÒMASYON DEBAZ SOU
PREPARASYON POU IJANS***

MOUN KI BEZWEN ÈD

***PWOVIZYON DEREZÈV (POU IJANS
NAN KAY YO AK VALIZ OU TOU PARE)***

***SEKIRITE NAN KAY AK FASON POU
ANPECHE DIFE***

KONNEN BILDING OU AN

***KISA POU OU FÈ NAN YON IJANS KI
GEN DIFE/KI PA GEN DIFE***

RESOUS YO POU PREPARE POU IJANS



Livrè Sèvis Ponpye Vil New York la fèt pou enfòme rezidan ki nan bilding apatman yo ak anplwaye yo sou sekirite biling apatman yo, ak sa chak rezidan ka fè pou prepare pou ijans yo, anpeche dife epi pwoteje tèt yo ak fanmi yo pandan yon ijans ki gen dife oswa yon ijans ki pa gen dife.

2024

**GID PREPARASYON POU IJANS
POU BILDING APATMAN
NAN VIL NEW YORK**

Pou rezidan biling apatman yo ak anplwaye yo

SA KI LADAN

1.	ENFÒMASYON DEBAZ SOU PREPARASYON POU IJANS	3
A.	Rete enfòme/Sistèm notifikasyon ijans yo	3
B.	Pran refij sou plas/Twous Pwovizyon pou Ijans.....	3
C.	Lè pou w evakye/Refij pou ijans	4
D.	Rekonekte ak fanmi ou	4
2.	MOUN KI BEZWEN ÈD	4
A.	Si ou bezwen èd	5
B.	Si ou ka bay èd.....	5
3.	PWOVIZYON DEREZÈV (POU IJANS NAN KAY YO AK VALIZ OU TOU PARE)	5
A.	Twous Pwovizyon pou Ijans Lakay	5
B.	Valiz ki tou pare.....	6
4.	SEKIRITE NAN KAY AK FASON POU ANPECHE DIFE	7
A.	Aparèy pou sekirite kay yo.....	7
B.	Chofaj kay nan fason ki san danje	8
C.	Batri yion lityòm ki gen sekirite elektwonik	8
D.	Konsèy anplis pou anpeche dife pran	10
E.	Etenn yon ti dife	11
5.	KONNEN BILDING OU AN	12
A.	Konstriksyon biling lan	12
B.	Sistèm pwoteksyon kont dife yo	13
C.	Sòti san danje (mwayen pou sòti)	14
D.	Idantifikasiyon apatman yo ak makaj ijans nan ka gen dife.....	15
6.	KISA OU DWE FÈ NAN YON IJANS KI GEN DIFE OSWA KI PA GEN DIFE.....	16
A.	Dife yo.....	16
B.	Ijans medikal yo.....	18
C.	Ijans sèvis dlo, gaz ak kouran yo	19
D.	Ijans move tan yo	21
E.	Ijans materyèl danjere yo	24
F.	Eksplozyon/efondreman biling lan.....	25
G.	Teworis	26
7.	RESOUS YO POU PREPARE POU IJANS	28

Sèvis Ponpye Vil New York la te elabore gid preparasyon pou ijans sa a pou distribye bay rezidan biling apatman yo ak anplwaye yo.

Li fèt pou ede w byen konnen biling ou an ak kisa ou menm ak manm fanmi ou ka fè pou nou prepare pou ijans yo, anpeche dife epi pwoteje tèt nou pandan yon ijans ki gen dife oswa yon ijans ki pa gen dife.

Si ou resevwa gid sa a nan men pwopriyetè oswa manadjè biling lan, li pral gen ladan yon Fèy Enfòmasyon sou Biling ke pwopriyetè biling lan prepare ki dekri konstriksyon biling ou an, sistèm pwoteksyon biling lan genyen kont dife ak pòt pou sòti yo; yon lis kontwòl pou preparasyon pou ijans/plan pou evakyasyon endividylè; ak lòt enfòmasyon ki pral ede w byen planifye pou ijans.

1. ENFÒMASYON DEBAZ SOU PREPARASYON POU IJANS

- A. Rete enfòme/Sistèm notifikasyon ijans yo**
- B. Pran refij sou plas/Twous pwovizyon pou Ijans**
- C. Lè pou w evakye/Refij pou ijans**
- D. Rekonekte ak fanmi ou**

A. Rete enfòme/Sistèm notifikasyon ijans yo

1. Notify NYC se sous ofisyèl Vil la itilize pou bay enfòmasyon sou ijans, ki gen ladan ijans move tan yo ak lè tren sòbwey ak wout yo fèmen. Abòne nan <https://a858-nycnotify.nyc.gov/notifynyc/> pou w ka resevwa alèt ijans gratis oswa pou w telechaje aplikasyon Notify NYC a pou aplikasyon mobil yo. Konsilte NYC.gov/notifynyc pou w konnen dènye nouvèl yo.
2. Konekte ak 311

Sou entènèt

- [NYC311 Online](#)
- [Twitter](#)
- [Facebook](#)
- [Instagram](#)
- Itilize Skype pou rele nan 212-NEW-YORK (212-639-9675).

Nan moman an, NYC311 p ap aksepte demann ki fèt pa imèl oswa nan mesaj enstantane.

Aplikasyon mobil

- [Aplikasyon NYC311](#)

Nan telefòn

Rele NYC311 nan [311](#). Ou ka voye mesaj tèks tou nan 311-692.

RELE 212-NEW-YORK (212-639-9675) si w:

- Pa nan Vil New York
- Ap itilize yon Founisè Kominikasyon Vokal sou Pwotokòl Entènèt (VoIP)
- Konekte ak NYC311 nan 711 oswa TTY (teleenprimè)
- Konekte ak NYC311 nan Sèvis Relè sou Videyo (VRS)

Lè w rele 311, founisè sèvis telefòn ou a ap fè w peye pri yon apèl lokal. Lè yo transfere w nan yon lòt nimewo telefòn apati 311, pa gen okenn frè anplis.

3. Pandan yon ijans, swiv enstriksyon moun ki reponn a ijans lan sou lèlye a oswa, si ijans lan pa nan biling ou an, siveye pou enf enfòmasyon k ap soti nan Notify NYC, radyo lokal, televizyon ak sèvis nouvèl sou entènèt pou w jwenn dènye enfòmasyon yo, ki gen ladan enfòmasyon sou refij pou ijans.

B. Pran refij sou plas/Twous Pwovizyon pou Ijans

1. Pandan kèk ijans, otorite yo ka konseye w rete kote w ye a (pran refij_sou plas). An jeneral, sa vle di li pi an sekirite pou ou rete nan apatman w lan pandan ponpye yo ap etenn dife a oswa sekouris ijans yo retire yon danje ki toupre a.
2. Pwosedi ijans yo diskite nan Gid sa a (gade nan Seksyon 6 la, Kisa pou fè nan yon Ijans ki gen dife oswa ki pa-gen dife) pral eksplike kilè pou w kite lèlye ak kilè pou w pran refij sou plas. Nan toulèka, swiv enstriksyon lapolis, ponpye oswa lòt sekouris ijans ki sou lèlye yo bay.

3. Si yon ijans mande pou ou pran refij sou plas, pa kite kote ou ye ki an sekirite a pou w al chache ptit ou yo nan lekòl la jiskaske danje a pase epi yo retire lòd pou pran refij sou plas la. Lekòl yo gen pwòp pwosedi pou refij sou plas pa yo. Ou pral sèlman mete tèt ou an danje lè ou kite yon zòn ki an sekirite pandan ijans lan.
4. Pou ijans metewolojik yo ak lòt ijans ki ka mande pou w rete lakay ou pandan plizyè jou, toujou genyen yon twous pwovizyon derezèv pou ijans. Gade nan Seksyon 3(A) a, Twous Pwovizyon pou Ijans Lakay.

C. Lè pou w evakye/Refij pou ijans

1. Evakye imedyatman lè:
 - Ou an danje imeda.
 - Ou nan yon kalite biling kote yo rekòmande pou w evakye epi ou ka fè sa san danje. Gade nan Seksyon 7(A) a.
 - Yon sekouris ijans ki sou lèlye mande pou w fè sa a.
 - Majistra a oswa lòt otorite publik bay lòd pou fè sa.
2. Si w oblige evakye kite biling ou an oswa otorite yo mande w pou w evakye, fè aranjman pou w rete kay zanmi w oswa fanmi w. Pandan evakyasyon nan ka yon tanpèt kotyè, Vil la ak/oswa patnè li yo ap louvri sant evakyasyon nan toule senk minisipalite yo. Al sou NYC.gov/knowyourzone, oswa rele 311 (gade machaswiv yo ki nan paj 3 a) pou w konnen ki sant evakyasyon ki pi pre ou.

D. Rekonekte ak fanmi ou


- Planifye ak fanmi w ak moun lakay ou kikote pou n rankontre si n oblige evakye biling nou an epi n pa kapab retounen.
1. Identifie de kote pou n rankontre: youn toupre lakay ou ak youn ki pa nan katye w la.
 2. Deziyen yon zanmi oswa yon fanmi ki pa nan zòn nan ke moun nan kay la ka rele si yo separe pandan yon katastwòf. Li ka pi fasil pou fè apèl long distans pase apèl lokal yo. Moun sa a ki pa nan zòn sa a ka ede w kominike ak lòt moun.

2. MOUN KI BEZWEN ÈD

- A. **Si ou bezwen èd**
- B. **Si ou ka bay èd**

A. Si ou bezwen èd

1. Si w ap gen difikilte pou kite biling lan (oswa ale yon lòt kote yon fwa ou soti nan biling lan) san èd, fè yon plan davans epi idantifye moun ki ta ka ede w.
 - Si w ap viv poukout ou, oswa moun nan kay la ap travay oswa yo pa kapab ede w, konsidere mande vwazen yo ede w desann eskalye yo (nan ka ta gen dife oswa pàn kouran). Kenbe nimewo telefòn yo ak lòt enfòmasyon kontak yo kote ki fasil pou w jwenn.
 - Si ou konte sou itilize asansè a pou w evakye, mande pwopriyetè oswa manadjè biling lan si yo pral fè w konnen davans anvan yo kanpe asansè a pandan yon ijans (oswa pou antretyen nan sikontans nòmal).
 - Si biling ou an gen anplwaye ladan, mande pwopriyetè oswa manadjè biling ou an si anplwaye a ka avèti sekouris ijans yo ak/oswa ede ou, si sa posib.
 - Konsidere faktè yo ki dekri nan Seksyon 6(A)(2) a, Èd pou Evakye an.
2. Toujou genyen yon siflèt nan apatman w lan oswa frape deseri kaswòl ansanm nan ka ou bezwen siyale vwazen yo oswa lòt moun pou fè yo konnen ou bezwen èd.
3. Prepare epi ekri yon nòt ki eksplike bezwen komunikasyon ou yo si w ap bezwen èd pou w konprann lòt moun oswa lòt moun ap bezwen èd pou yo konprann ou. Si w kominike alekri, achte epi toujou genyen yon tablo blan pòtab, tablo pou ekri ak lakrè oswa lòt aparèy komunikasyon pèsionèl.
4. Si ou itilize yon twotinèt oswa chèz woulant, konnen gwosè ak pwa aparèy ou an, ak si l ka pliye, pou ede lè w ap fè aranjman pou transpò.



B. Si ou ka bay èd

1. Fè prèv yon vwazen ki sousye. Pandan yon ijans, si pa gen danje pou fè sa, tcheke vwazen ki ka bezwen èd, sitou granmoun aje yo ak moun ki gen andikap yo, ki ka bezwen yo avèti yo.
2. Si ou ka fè sa san danje epi ou kapab fizikman, ede yon vwazen lè n ap evakye kite yon biling. Pa sèvi ak asansè pandan yon evakyasyon akoz dife. Gade nan Seksyon 6(A) a, Èd pou Evakye.
3. Lè w ap bay èd, koute byen sa vwazen w lan di sou fason yo ta dwe leve yo oswa deplase yo.

3. PWOVIZYON DEREZÈV (POU IJANS NAN KAY YO AK VALIZ OU TOU PARE)

- A. **Twous Pwovizyon pou Ijans Lakay**
- B. **Valiz ki tou pare**

A. Twous Pwovizyon pou Ijans Lakay

Kenbe ase pwovizyon nan kay ou pou w siviv pandan jiska sèt jou. Anba la a, gen atik yo sigjere pou konsève yon veso ki fasil pou jwenn (ranplase atik ki ekspire yo detanzantan):

- ✓ Yon galon dlo pou bwè pou chak moun pa jou
- ✓ Manje ki pa ka gate, manje ki tou pare nan bwat konsèv ak ouvbwat manyèl
- ✓ Twous premye swen
- ✓ Flach
- ✓ Radyo AM/FM ki fonksyone ak pil avèk kèk pil anplis
- ✓ Siflèt pou siyale pou w mande vwazen w yo èd
- ✓ Atik ijyèn pèsònèl yo: savon, pwodui ijyèn fi, bwòs dan, pat pou bwose dan, elatriye.
- ✓ fil kouran pou chaje telefòn selilè ak batri pòtab pòtab
- ✓ Pwovizyon pou swen timoun oswa lòt atik swen espesyal yo
- ✓ Manje bèt kay ak materyèl
- ✓ Kantite derezèv nenpòt medikaman oswa materyèl medikal ou itilize regilyèman ki ka dire omwen yon semèn
- ✓ Linèt oswa ekipman pou lantiy kontak derezèv
- ✓ Pil anplis pou met nan aparèy pou tande yo
- ✓ Ekipman derezèv ak materyèl anplis pou nenpòt lòt aparèy medikal oswa aparèy komunikasyon pou itilize lakay



B. Valiz ki tou pare

Valiz ou tou pare a ta dwe solid epi fasil pou pote I, tankou yon sakado oswa yon ti valiz ki gen wou. Ou pral bezwen pèsonalize valiz ou tou pare a pou I adapte ak bezwen pèsònèl ou, men kèk nan bagay enpòtan ou bezwen nan valiz ou tou pare a gen

- ✓ Kopi papye enpòtan w yo nan yon katab ki enpèmeyab ak pòtab (kat asirans yo, akdenesans yo, papye kay yo, kat idantite yo, prèv adrès, elatriye)
- ✓ Yon seri kle machin ak kle kay anplis
- ✓ Kopi kat kredi/kat ATM
- ✓ Lajan kach (an monnen ti bil)
- ✓ Dlo nan boutèy ak manje ki p ap gate, tankou tablèt enèji oswa granola
- ✓ Flach
- ✓ Radyo AM/FM ki fonksyone ak pil
- ✓ Pil/chajè anplis
- ✓ Atik medikal, ki gen ladan:
 - Twous premye swen
 - Kantite derezèv nenpòt medikaman oswa materyèl medikal ou itilize regilyèman ki ka dire omwen yon semèn
 - Asirans medikal, kat Medicare ak Medicaid
 - Yon lis medikaman (ak dòz yo)
 - Non doktè yo ak enfòmasyon pou kontakte yo
 - Enfòmasyon sou kondisyon medikal, alèji ak ekipman medikal.
- ✓ Pwodui ijyèn pèsònèl yo
- ✓ Kaye ak plim pou pran nòt
- ✓ Enfòmasyon sou kimoun pou moun nan kay la kontakte ak kote pou n rankontre



- ✓ Ekipman kapli leje ak ti dra epè
- ✓ Atik pou konsole w oswa distrè w, tankou yon liv oswa yon je jwèt kat
- ✓ Pwovizyon pou swen timoun, ki gen ladan jwèt ak ti jwèt.
- ✓ Pou bêt kay ak bêt sèvis yo:
 - Yon foto koulè aktyèl ki montre bêt kay oswa bêt sèvis ou a (oswa menm pi bon ankò, youn nan nou ansanm, nan ka nou ta separe)
 - Non veterinè a ak enfòmasyon pou kontakte yo
 - Enfòmasyon sou pwopriyetè, enskripsyon, mikwochip ak vaksinasyon.
 - Asyèt pou met manje ak dlo
 - Kòd ak (si sa nesesè) mizo
 - Dra koton pou mete sou kaj transpò a pou ede kenbe bêt kay oswa bêt sèvis ou a kalm
 - Sak plastik pou netwayaj

4. SEKIRITE NAN KAY AK FASON POU ANPECHE DIFE

- A. Aparèy pou sekirite kay yo
- B. Chofaj kay nan fason ki san danje
- C. Batri yion lityòm ki gen sekirite elektwonik
- D. Konsèy anplis pou anpeche dife pran
- E. Etènn yon ti dife

Ou ka anpeche dife pran oswa lòt ijans lè w asire w ke kay ou pwoteje ak aparèy pou sekirite kay yo k ap mache byen, lè w chofe kay ou san danje, epi lè w anpeche dife pran anvan yo kòmanse.

A. Aparèy pou sekirite kay yo

1. Alam lafimen ak alam monoksid kabòn yo

- Asire ou gen alam lafimen (yo konn rele tou detektè lafimen) ak alam monoksid kabòn nan apatman w lan. Lwa Vil New York egzije pou mèt kay yo ak lòt pwopriyetè yo enstale alam lafimen ak alam monoksid kabòn nan distans 15 pye apati pòt antre nan chak chanm pou dòmi ak nan sousòl la. (Nouvo biling yo dwe gen youn tou nan distans chak chanm dòmi.)
- Yo ka itilize alam lafimen ki kombine ak alam monoksid kabòn yo.
- Asire w ke alam yo toujou ap mache byen. Lokatè yo responsab pou kenbe alam lafimen ak alam monoksid kabòn yo nan apatman yo.
- Peze bouton tès la pou teste aparèy yo omwen yon fwa pa mwa.
- Nouvo modèl yo mache ak kouran oswa yo gen yon pil anndan yo k ap dire 10 lane.
- Modèl ki pi ansyen yo mache ak pil yo ka chanje. Ranplase pil yo omwen de fwa nan yon ane (yon bon moman pou w fè sa a se lè ou ap chanje lè revèy yo nan sezón prentan ak otòn). Ranplase pil la touswit si alam lan fè yon son ki endike ke pil la fèb.
- Yo dwe ranplase alam lafimen ak alam monoksid kabòn yo dapre rekòmandasyon fabrikan an, men omwen yon fwa chak 10 zan.



2. Aparèy èd yo

- Si oumenm oswa yon moun lakay ou soud oswa gen difikilte pou tandem, konsilte pwopriyetè oswa manadjè biling lan konsènan enstalasyon aparèy detektè lafimen/monoksid kabòn ki aktive yon alèt vizyèl (tankou limyè estwoboskopik) oswa manyèl (tankou vibrasyon).
- Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade nan Seksyon 7 la, Resous yo pou prepare pou Ijans.

B. Chofaj kay nan fason ki san danje

1. Rele 311 (gade machaswiv yo ki nan paj 3 a) pou fè yon enspeksyon dife si ou pa sèten sous chalè ou an sekirite.
2. Si ou bezwen yon aparèy chofaj pòtab, itilize sèlman aparèy chofaj elektrik pòtab ki apwouve pou itilize andedan kay (ki gen pyès chofaj ki fèmen anndan yo). PA itilize recho oswa fou ou a pou w chofe apatman w lan. Pa sèvi ak aparèy chofaj ki mache ak gaz kewozèn oswa pwopàn, ki danjere e ki ilegal pou itilize andedan kay nan Vil New York.
3. Tcheke entansite kouran ki nesesè pou opere aparèy chofaj pòtab la. Asire w ke li ka opere san danje sou yon sikwi elektrik estanda nan kay. Gade nan Seksyon 4(C) a, Konsèy pou fason pou anpeche dife.
4. Tcheke aparèy chofaj la detanzantan lè li limen, epi etenn li lè ou soti kite apatman an oswa lè ou al dòmi. Pa janm kite timoun yo poukout yo nan yon chanm lè gen yon aparèy chofaj espas pòtab ki limen.
5. Mete tout materyèl ki gen nan kay la ki ka pran dife, tankou mèb, dra, kapèt ak papye, nan distans omwen twa pye lwen sous chalè a. Pa janm pandye rad sou yon aparèy chofaj espas pou l seche.

C. Batri yion lityòm ki gen sekirite elektwonik

(Danje dife ki asosye ak aparèy mikwomobilite ki mache ak pil ki gen yion lityòm)

1. Batri ki gen yion lityòm yo te vin tounen youn nan kòz prensipal dife ak lanmò dife lakòz nan Vil New York. Batri yo jwenn nan aparèy mikwomobilite yo tankou bisiklèt elektrik yo, twotinèt elektrik yo, ayewoglisè yo ak lòt aparèy ankò. Dife batri sa yo lakoz yo eksplozif, yo pran rapid epi yo destriktè.
2. Dife, blesi dife lakoz, ak lanmò dife lakoz nan plizyè lojman ogmante nan NYC nan dènye ane ki sot pase yo.

Ane	Dife yo	Blesi yo	Lanmò yo
2022	99	114	5
2023	106	94	7
2024 (apati 21/10/2024)	85	67	3

3. Batri ki gen yion lityòm yo ki te andomaje oswa yo te jwe ladan yo patikilyèman danjere. Yo te jete youn nan batri sa yo nan yon ri nan vil la te boule pandan 10 minit, kote l te eksplode san rete ak simaye debri flanm dife toupatou.

Gade vidyeo a nan: <https://www.youtube.com/watch?v=abSwglkpJ20&t=1s>.

4. Pou w jwenn enfòmasyon sou fason pou w jete pil oswa batri ki gen yion lityòm yo san danje, al sou www.FDNYsmart.org.

Sispann chaje batri ki gen yion lityòm ou genyen an imedyatman epi rele 911 si ou remake:

- Dife oswa lafimen
- Batri a twò cho
- Batri a chanje fòm oswa koulè
- Batri a ap fè deseri bri etranj
- Likid ap koule sot nan batri a
- Batri a gen yon odè etranj
- Batri a andomaje oswa yo te jwe ladan !

Men sa pou w fè pou w asire sekirite elektwonik

- **ACHTE sèlman bisiklèt elektrik ki mache ak batri ki gen yion lityòm oswa lòt aparèy mikwomobilite ki SÈTIFYE nan yon laboratwa tès ki akredite. Chèche senbòl UL oswa lòt senbòl laboratwa tès akredite ki refere yon nimewo UL Standard 2849, 2272 oswa 2271.**
 - POUKISA? Sètifikasyon sa yo bay prèv ke pwodui sa yo satisfè estanda endistri a yo epi yo ka opere nan sikontans nòmal yo an sekirite.
- **ITILIZE batri, adaptè ak fil kouran orijinal pou ploge yo ki vini avèk aparèy la, oswa yon ranplasman manifakti a rekòmande oswa laboratwa ki akredite sètifye.**
 - PA JANM itilize chajè/batri ki pa apwouve, menm si yo koute mwen chè.
 - POUKISA? Batri oswa chajè ki pa sètifye yo ka pa fèt pou yo mache avèk pwodui w la.
 - REZILTA: Yon batri ki pa apwouve ka chaje twòp, chofe twòp epi pran dife.
- **PLOGE bisiklèt elektrik lan dirèkteman nan yon priz elektrik ki nan mi an lè w ap chaje I.**
 - Pa janm chaje yon batri ki gen yion lityòm ak yon ralonj elektrik oswa yon miltipriz.
 - POUKISA? Batri sa yo mande anpil kouran elektrik, plis pase pifò ralonj yo ak mitipriz yo ka jere.
 - REZILTA: Ralonj oswa miltipriz elektrik la ka chofe twòp epi lakòz dife pran.
- **CHAJE bisiklèt elektrik oswa lòt aparèy ou a nan yon enstalasyon ki an sekirite, pa chaje I nan apatman w lan, si sa posib. Mande bilding ou an oswa anplwayè w la si yo ka bay yon enstalasyon pou chaje ak depo ki an sekirite pou mete I.**
 - POUKISA? Batri ki gen yion lityòm yo estoke anpil enèji epi lè yo chofe yo degaje gwo enèji entans. Pifò apatman pa gen sistèm awozaj, e anpil mèb ak atik nan kay la ka pran dife anpil.
 - REZILTA: Si yon dife pran nan apatman w lan, sa kapab devastatè.
- **ASIRE ou gen yon fason pou sòti nan apatman an nan ka ta gen dife!**
 - PA JANM chaje batri ki gen yion lityòm ou an oswa estoke batri a bò kote yon pòt oswa fenèt nan apatman w lan ka itilize pou chape.

- **SIVEYE bisiklèt elektrik ou a oswa batri bisiklèt elektrik ou a lè I ap chaje.**
 - Li machaswiv fabrikan an bay pou chaje ak pou estoke yo epi swiv yo.
 - PA JANM chaje batri a pandan lannwit oswa lè ou pa nan apatman an.
 - PA JANM chaje batri yon bisiklèt elektrik oswa yon bisiklèt elektrik sou oswa toupre kabann ou oswa kanape ou, oswa toupre rido, papye oswa lòt materyèl ki ka pran dife

D. Konsèy anplis pou anpeche dife pran

1. Voye jete, kite yo ret limen pa aksidan epi jere sigarèt yo avèk neglijans, se youn nan kòz prensipal lanmò dife lakoz yo. Pa janm fimen nan fil kouranann oswa lè dòmi nan je w, epi fè atansyon sitou lè w ap fimen sou yon sofa oswa sou lòt mèb ki gen kousen. Asire ou etenn chak sigarèt nèt nan yon sandriye ki fon epi ki p ap chavire. Pa janm kite yon sigarèt limen oswa ki gen dife sou mèb yo.
2. Alimèt ak brikè yo ka fatal lè yo nan men timoun yo. Kite yo lwen timoun yo epi aprann yo pou yo konnen danje dife poze.
3. Pa kite chodyè sou dife poukont yo lè w ap kwit manje. Kite plak recho yo rete pwòp epi pa mete atik ki ka pran dife sou yo. Anvan ou al dòmi, tcheke kuizin ou pou asire ke recho ou ak fou ou etenn.
4. Siveye kafetyè, plak chofant ak lòt aparèy elektrik ak eleman chofaj yo. Pa kite yo limen lè w pa bezwen yo. Asire ou etenn yo lannwit oswa lè pa gen moun lakay ou.
5. Pa janm ploge twòp aparèy nan priz elektrik yo. Pifò priz elektrik ki nan kay yo bay 15 anpè kouran elektrik, eksepte priz ki deziyen pou gwo aparèy nan kay yo oswa èkondisyone. Pa ploge ekipman nan kay, ki gen ladan mikwo ond, tostè, kafetyè, plak chofant ak lòt aparèy yo ki itilize anpil kouran nan menm priz elektrik la san yo pa tcheke kantite kouran yo itilize an premye.
6. Ranplase nenpòt fil kouran elektrik ki fele oswa ki fann. Pa janm pase ralonj yo anba kapèt yo. Itilize miltipriz ak dijonktè yo sèlman.
7. Pa kite okenn obstak bare okenn pòt yo, epi okenn fenèt ki mennen nan pòt sekou yo nan ka gen dife.
8. Rapòte bay pwopriyetè oswa manadjè biling lan nenpòt obstak oswa fatra ki akimile gen nan koulwa yo, eskalye yo, pòt sekou yo oswa lòt mwayen pou sòti yo.
9. Yo ta dwe enstale fè fòje nan fenèt yo sèlman lè yo absoliman nesesè pou rezon sekirite. Enstale fenèt Sèvis Ponpye yo apwouve sèlman.
 - Pa enstale fè fòje nan fenèt ki gen seri ak kle oswa kadna konbinezon. Tan I pran pou chache oswa itilize kle a oswa konbinezon an ka koute lavi.
 - Byen abitye tèt ou ak moun nan kay ou ak fason fè fòje nan fenèt yo fonksyone.
 - Byen antretni mekanis operasyon fenèt la pou li ka louvri san pwoblèm. Pa mete okenn mèb oswa atik pèsònèl kote yo ta anpeche fenèt yo louvri.
10. Byen abitye tèt ou ak moun nan kay ou pou konnen kote tout eskalye biling yo ye, sòti sekou nan ka gen dife ak sòti ak wout pou jwenn yo.

11. Ansanm ak moun lakay ou, prepare yon wout pou n chape nan ka gen ijans nou dwe itilize nan ka ta gen yon dife nan biling lan. Chwazi yon kote pou n reyini yon distans ki an sekirite lwen biling ou an kote nou tout ta dwe rankontre nan ka nou ta separe pandan yon dife.
12. Fè atansyon lè w ap itilize ak kote w mete pye bwa vèt dekoratif yo fenk koupe yo, ki gen ladan abdewèl ak kouwòn jou ferye yo. Si sa posib, kite yo ret plante oswa mete yo nan dlo. Pa mete yo nan koulwa pubblik oswa kote yo ta ka bloke pòt pou sòti nan apatman w lan si l ta pran dife. Kite yo lwen nenpòt flanm dife, ki gen ladan bouji ak chemine yo. Pa kenbe yo pandan lontan; a mezi y ap seche, li vin fasil pou pyebwa vèt dekoratif yo pran dife.
13. Pa janm itilize yon recho babekyou a pwopàn, chabon oswa lòt kalite recho babekyou pòtab andedan kay la.
14. Chemine dekoratif ki itilize alkòl likid oswa lòt likid ki ka pran dife se yon danje potansyèl ki ka lakoz dife. Li fasil pou likid la koule epi li ka pran dife byen rapid. Gade nan Seksyon 7 la, Resous pou Preparasyon pou Ijans, pou w jwenn plis enfòmasyon.

E. Etènn yon ti dife

1. Yo pa atann ou oblige etènn yon dife yon fwa li gaye. Olye de sa:
 - Fè tout moun soti kite apatman an.
 - Soti imedyatman epi fèmen pòt apatman an dèyè ou. (**Sa a enpòtan anpil.**)
 - Rele 911 pou rapòte dife a dèke ou rive nan yon kote ki an sekirite. (Si biling ou an gen yon sistèm alam dife, rale estasyon deklanchman alam manyèl la pou aktive alam dife a pandan w ap kite biling lan.)
 - Enfòme nenpòt anplwaye ki nan biling lan.
2. Pou yon dife ki pa gaye, ou ka itilize yon aparèy pou etènn dife pòtab. Kalite aparèy pou etènn dife pòtab ABC (pwodui chimik sèch) yo fèt pou etènn dife nan kay, eksepte pou dife ki pran sou plak recho. Kouvri kaswòl la oswa chodyè a ak/oswa itilize bikabonat oswa yon aparèy pou etènn dife mouye pòtab (ki make Klas K) pou etènn dife grès/lwil lakoz sou plak recho.
3. Pou itilize yon aparèy pou etènn dife pòtab, sonje akwonim mo P.A.S.S. la:
 - P se pou rale
 - A se pou vize
 - S se pou peze
 - S se pou bale



5. KONNEN BILDING OU AN

Aprann konnen biling ou an ak ki kalite sistèm pwoteksyon kont dife li genyen. Sa ap ede ou pran desizyon enfòme nan ka ta gen yon ijans dife oswa yon ijans ki pa gen dife nan biling ou an.

- Konstriksyon biling lan: Èske biling ou an fèt ak materyèl ki ka reziste a dife (ki pa konbistib) oswa materyèl ki pa ka reziste a dife (ki konbistib)?
- Sistèm pwoteksyon kont dife nan biling yo: Èske biling ou an gen yon sistèm awozaj ki pwoteje l? Èske li gen yon sistèm alam dife oswa yon sistèm komunikasyon nan biling lan?
- Sòti san danje (mwayer pou sòti): Kijan mwen ka soti kite biling lan nan ka ta gen ijans? Ki kote eskalye yo ak lòt kote pou sòti yo ap mennen m: nan lari a, nan lòbi a, nan lakou dèyè a oswa lòt kote?

Byen li Fèy Enfòmasyon sou Biling ou resevwa nan men pwopriyetè biling ou an. Pwopriyetè biling apatman yo (ki gen twa apatman oswa plis) oblige prepare ak distribye yon Fèy Enfòmasyon sou Biling lan ak Gid Preparasyon pou Ijans pou Biling Vil New York bay tout rezidan yo ak anplwaye biling yo. Epitou, yo oblige afiche yon Avi Preparasyon pou Ijans andedan pòt antre apatman w lan, ak nan lòbi a oswa nan espas komen an.

A. Konstriksyon biling lan

- B. Sistèm pwoteksyon kont dife yo**
- C. Sòti san danje (mwayer pou sòti)**
- D. Idantifikasyon apatman yo ak makaj ijans nan ka gen dife**

A. Konstriksyon biling lan

1. Biling ki ka reziste a dife yo. Yon biling "ki pa konbistib" oswa "ki ka reziste a dife" se yon biling ki gen eleman estriktirèl li yo (eleman ki soutni biling lan, tankou asye oswa gwo bout poto ki fèt an siman epi etaj yo ranfose) yo konstwi ak materyèl ki pa ka boule oswa ki rezistan a dife e kidonk yo p ap kontribye nan simaye dife a. Nan biling sa yo, dife yo gen plis chans pou yo rete nan apatman an oswa nan yon pati nan apatman an kote yo kòmanse a epi gen mwens chans pou yo gaye pi lwen pase mi biling yo nan lòt apatman, ak etaj yo.
 - SA PA VLE DI DIFE PA KA PRAN NAN YON BILDING KI PA KONBISTIB. Byenke eleman estriktirèl biling lan gendwa pa ka pran dife, tout sa ki anndan biling lan (tankou mèb, kapèt, atè ki fèt an bwa, dekorasyon ak byen pèsonèl yo) gendwa pran dife epi yo pwodui flanm dife, chalè ak anpil lafimen ak monoksid kabòn, ki ka simaye nan tout biling lan, sitou si pòt apatman an oswa eskalye yo rete louvri.
2. Biling ki pa ka reziste a dife yo. Yon biling "ki konbistib" oswa "ki pa ka reziste a dife" gen bwa oswa lòt estrikti ladan ki pral boule si yo ekspose a dife. Yon dife ki simaye sot nan bagay k ap boule anndan yon apatman rive nan mi biling yo ka gaye andedan mi yo epi mete tout biling lan an danje.



Gade nan Fèy Enfòmasyon sou Biling yo bay pou biling ou an pou w wè si li se yon konstriksyon ki pa ka reziste a dife oswa ki ka reziste a dife.

B. Sistèm pwoteksyon kont dife yo

Kèlkeswa kalite konstriksyon li ye a, sistèm pwoteksyon kont dife ki detekte ak/oswa ede anpeche dife yo ka pwoteje biling ou an, epi bay avètisman bonè pou moun ki nan biling lan yo.

1. Separasyon dife yo. Pifò apatman gen mi ak plafon ki fèt an plat ak pòt metal ki reziste kont dife. Epitou, anpil biling gen eskalye ki fèmen (ki ansèkle anndan pwòp mi ak pòt pa yo). Pòt ki reziste a dife yo se deseri sistèm pwoteksyon kont dife "pasif" ki fèt pou kenbe dife a pou kèk kantite tan, pou pèmèt Sèvis Ponpye a reponn ak etenn dife a epi pote moun ki nan biling lan sekou.
 - TOUJOU fèmen pòt la nan apatman w lan lè w ap sòti si gen yon dife nan apatman an. LÈ W KITE PÒT APATMAN AN RET LOUVRI LÈ APATMAN AN PRAN DIFE, SA AP FÈ DIFE A GAYE SOT DEYÒ APATMAN AN.
 - PA JANM bloke/mete kal pou bloke pòt eskalye yo pou ka kite yo ret louvri. Pòt eskalye yo ta dwe toujou rete fèmen.
2. Sistèm awozaj yo. Yon sistèm awozaj fèt pou vide dlo sou dife a pou etenn li. Yon jiklè awozaj ki nan plafon an detekte chalè yon dife epi li otomatikman vide_dlo ki soti nan tiyo a ki nan plafon an. Li sonnen yon alam tou nan nivo lari a, oswa, nan pifò biling ki pi nouvo yo, li transmèt yon alam nan yon estasyon siveyans santral yon konpayi alam dife.
 - Awozwa yo mache byen pou anpeche yon dife gaye, men dife a ka toujou fè anpil lafimen. Pwopagasyon lafimen an ka menase lavi lòt moun ki abite nan biling lan. Toujou fèmen pòt apatman an lè w ap soti.
 - Biling apatman ki te konsti depi ane 2000 yo dabitud gen yon sistèm awozaj ki pwoteje yo. Anjeneral, biling ki te konsti anvan yo pa gen yon sistèm awozaj nan tout biling lan. Gen kèk ki gen sistèm awozaj pasyèl nan eskalye ouvè yo, chanm konpaktè oswa lòt zòn yo.
3. Sistèm komunikasyon vokal pou ijans yo. Pifò biling apatman ki wo ki te konsti depi 2009 ki pi wo pase 12 etaj oswa 125 pye yo gen yon sistèm komunikasyon vokal pou ijans nan tout biling ki otorize anplwaye Sèvis Ponpye yo fè anons nan eskalye yo ak nan chak inite lojman soti depi nan yon pwen santral, anjeneral nan lòbi biling lan.
4. Sistèm alam dife yo. Tout biling apatman yo gen alam lafimen ak alam monoksid kabòn nan chak apatman yo (gade Aparèy pou Sekirite Kay, nan Seksyon 4(a) ki pi wo a). Alam sa yo pa konekte nan yon sistèm alam dife biling epi yo pa otomatikman avize estasyon santral yon konpayi alam dife; yo sèlman sonnen nan apatman an.



Gen kèk biling ki gen sistèm alam dife, men yo ka pa kouvri zòn yo ase epi yo ka pa aktive yon alam nan tout biling lan.

- Pifò biling apatman ki bati depi 2009 yo gen yon sistèm alam dife nan biling lan, men yo ka sèlman detekte lafimen nan chanm mekanik ak elektrik yo. Nenpòt alam ki gen nan chanm sa yo transmèt otomatikman nan estasyon siveyans santral yon konpayi alam dife, ki avize Sèvis Ponpye a.
- Gen kèk biling ki pi ansyen ki gen yon sistèm alam dife andedan l ak wopalè byen fò ki fèt pou avèti moun ki abite nan biling lan lè gen yon dife nan biling lan ak estasyon deklanchman alam manyèl pou rale yo ka itilize pou aktive sistèm alam dife a. Dabitid, estasyon deklanchman alam manyèl pou rale a sitiye toupre antre prensipal la ak bò chak pòt eskalye. Dabitid, estasyon deklanchman alam manyèl pou rale yo pa otomatikman transmèt yon siyal nan yon estasyon siveyans santral yon konpayi alam dife.

Si ou wè oswa ou tande nenpòt nan aparèy sa yo sonnen yon alam, rele 911. Pa sipoze yo te avize Sèvis Ponpye.


5. **Sistèm sonorizasyon yo.** Byenke jeneralman li pa nesesè, gen kèk biling rezidansyèl ki gen sistèm sonorizasyon ki pèmèt komunikasyon vokal ki soti nan yon pwen santral, anjeneral nan lòbi biling lan. Sistèm sonorizasyon yo diferan de entèfòn ki nan biling yo, epi anjeneral yo genyen wopalè ki byen fò nan koulwa biling lan yo ak/oswa nan eskalye yo.

Gade nan Fèy Enfòmasyon sou Biling yo bay pou biling ou an pou w wè si gen yon sistèm awozaj, sistèm alam dife, sistèm komunikasyon vokal pou ijans oswa sistèm sonorizasyon nan biling ou an.

C. Sòti san danje (mwayen pou sòti)

Prèske tout biling apatman rezidansyèl yo gen omwen de mwayen pou sòti (fason pou sòti nan biling lan). Gen plizyè diferan kalite pwen sòti:

1. **Eskalye ki anndan yo.** Tout biling yo gen mach eskalye ki mennen nan nivo lari a. Eskalye sa yo ka fèmen (ansèkle) oswa yo ka pa fèmen.
 - Eskalye ki fèmen yo gen plis chans pou ede moun sòti nan biling lan an sekirite, si yo kite pòt yo ret fèmen.
 - Eskalye ki pa fèmen yo pa anpeche flanm dife, chalè ak lafimen pwopaje. Dife, chalè ak lafimen ki soti nan yon dife pral monte eskalye yo epi anpeche moun soti kite etaj yo ki pi wo pase dife a san danje.
2. **Eskalye ki deyò yo.** Gen kèk biling ki gen eskalye ak koridò deyò ki pèmèt yo antre nan apatman yo. Lefèt ke yo deyò epi yo pa kenbe chalè ak lafimen, sa a fè yo plis an sekirite nan ka ta gen yon dife, depi yo pa bloke.



3. **Eskalye nan biling ki wo yo.** Dabitid, sa yo se mach eskalye ki fèmen nan yon "biling ki wo" ki gen deseri pwi ki ouvè alè ki bay sou deyò ki separe yo ak biling lan. Pwi ki ouvè alè yo pèmèt chalè a ak lafimen an chape, sa ki fè eskalye a rete an sekirite.
4. **Sòti sekou nan ka gen dife.** Biling ki pi ansyen yo ka gen yon sòti sekou nan ka gen dife ki deyò biling lan, ki aksesib depi yon fenèt oswa yon balkon. Yo ta dwe itilize sòti sekou nan ka gen dife yo sèlman si mwayen prensipal pou soti kite biling lan (mach eskalye yo) te vin pa an sekirite paske flanm dife, chalè oswa lafimen bloke yo.
5. **Sòti yo.** Prèske tout biling yo gen plis pase yon sòti ki deyò yo. Anplis antre prensipal biling nan, ka gen sòti ki akote, sòti ki dèyè, sòti ki nnan sousòl, ak sòti nan lari a depi sot nan mach eskalye yo. Ou ta dwe konnen ki sòti ki mennen nan lari a oswa lòt kote ki an sekirite, ak kijan pou w al jwenn sòti sa yo depi sot nan apatman w lan.
 - Kèk nan sòti sa yo ka gen alam epi yo ta dwe itilize yo sèlman nan yon ijans.
 - Pòt ki bay aksè pou monte sou dokay yo se pa sòti yo ye, epi yo ka oswa yo ka pa bay aksè pou al nan biling ki toupre yo. Dokay yo se kote ki danjere, sitou nan lannwit oswa lè gen dife. Anjeneral, yo pa gen ase ekleraj oswa yo pa gen okenn ekleraj epi souvan yo gen danje pou tribiche ak tonbe san pwoteksyon. Pa itilize aksè ki sou dokay la kòm yon sòti eksepte kòm yon dènye rekou epi sèlman si gen aksè pou al nan yon biling ki toupre a san danje.



Gade nan Fèy Enfòmasyon sou Biling yo bay pou biling ou an pou w wè diferan mwayen pou sòti nan biling ou an ak kote sòti yo ye nan biling lan.

D. **Idantifikasiyon apatman yo ak makaj ijans nan ka gen dife**

Tout apatman yo oblige gen nimewo apatman an ki make byen klè nan nivo je sou pòt antre prensipal apatman an, nan koridò biling lan. Sa ap ede Sèvis Ponpye a ak lòt premye sekouris lokalize apatman w lan byen vit lè gen yon ijans.

Anplis de sa, anpil biling apatman kounye a oblige afiche oswa make nimewo apatman an sou rebò pòt la, nan nivo etaj la. "Makaj ijans nan ka gen dife" reflechisan oswa limine sa yo pral ede Sèvis Ponpye a lokalize apatman w lan pandan gen yon dife oswa lafimen lè nimewo pòt yo ki nan nivo je yo pa vizib. Tout apatman diplèks ak lòt apatman ki gen plizyè etaj yo, ak tout biling apatman ki pa gen yon sistèm awozaj ki pwoteje yo epi ki gen plis pase 8 apatman nan yon etaj, yo oblige enstale makaj ijans nan ka gen dife yo sou arebò pòt apatman ak eskalye yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade nan Seksyon 7 la, Resous yo pou prepare pou Ijans.

Asire w ke nimewo apatman w lan ekri sou pòt apatman w lan. Verifye si makaj ijans nan ka gen dife yo obligatwa nan biling apatman w lan.

6. KISA OU DWE FÈ NAN YON IJANS KI GEN DIFE OSWA KI PA GEN DIFE

- A. Dife yo
- B. Ijans medikal yo
- C. Ijans sèvis dlo, gaz ak kouran yo
- D. Ijans move tan yo
- E. Ijans materyèl danjere yo
- F. Eksplozyon/efondreman biling lan
- G. Teworis

A. Dife yo

Nan ka ta gen yon dife, swiv enstriksyon anplwaye Sèvis Ponpye yo bay yo. Men, ka gen sitiyasyon ijans kote ou ka oblige deside machaswiv ki nesesè pou w pwoteje tèt ou ak lòt moun lakay ou anvan anplwaye Sèvis Ponpye yo rive sou lèlye oswa anvan yo ka bay konsèy.

1. Konsiy sekirite pou swiv nan ka ijans dife

Konsiy ki anba yo gen entansyon ede w chwazi machaswiv ki pi an sekirite a. Tanpri sonje pa gen okenn konsiy ki ka konsidere tout faktè ki posib yo ak kondisyon k ap chanje yo; w ap oblige deside pou tèt ou ki machaswiv ki pi an sekirite selon sikontans yo.

- Rete kalm. Pa panike. Enfòme Sèvis Ponpye a san pèdi tan. Ponpye yo pral rive nan yon kote ki gen dife nan kèk minit apre yo resevwa yon alam.
- Paske flanm dife, chalè ak lafimen se monte yo konn monte, jeneralman yon dife ki nan yon etaj ki pi ba pase apatman w lan reprezante yon pi gwo menas pou sekirite w pase yon dife ki nan yon etaj ki pi wo pase apatman w lan.
- Pa egzajere kapasite w pou w etenn yon dife. Pifò dife pa ka etenn fasilman oswa san danje. Pa eseye etenn dife a yon fwa li kòmanse gaye byen vit. Si ou eseye etenn yon dife, asire ou gen yon chemen klè pou w retire kò w nan sal la.
- Si ou deside soti kite biling lan pandan yon dife, fèmen tout pòt yo pandan w ap sòti pou w ka konfine dife a. PA JANM ITILIZE ASANSE A. Li ta ka kanpe ant etaj yo oswa mennen ou kote dife a ye a, epi li ka vin plen lafimen oswa chalè.
- Chalè, lafimen ak gaz materyèl boule yo degaje ka toufe ou byen vit. Si w ta bloke nan yon kondisyon ki gen anpil lafimen, kouche plat atè a epi rale, kite tèt ou toupre atè a. Pran vyek ti souf kout, respire nan nen ou.
- Si rad ou pran dife, pa kouri. Kanpe kote w ye a, kouche plat atè a, kouvri figi w ak men w pou w pwoteje figi w ak poumon w yo epi woule pou w etenn flanm yo.

Si dife a se nan apatman w lan li ye:

- Fèmen pòt la nan chanm kote dife a ye a, epi soti kite apatman an.
- Asire w ke tout moun ki anndan soti kite apatman an avèk ou.
- Pran kle ou yo.
- Fèmen pòt apatman an, men pa fèmen l ak kle.
- Itilize eskalye ki pi pre a ki pa gen lafimen pou w sòti nan biling lan.
- PA ITILIZE ASANSE A.
- Rele 911 dèke ou rive nan yon kote ki an sekirite. Pa sipoze yo te rapòte dife a sof si ponpye yo deja sou lèlye.
- Rankontre moun lakay ou yo nan yon kote ki te detèmine davans deyò biling lan. Enfòme ponpye ki reponn yo si gen nenpòt moun ki manke.

Si se pa nan apatman w lan dife a ye (nan BILDING KI PA KONBISTIB OSWA KI KA REZISTE a DIFE YO):

- Rete andedan apatman w lan (pran refij sou plas) epi koute enstriksyon ponpye yo bay yo sof si kondisyon yo vin danjere.
- Si ou oblige soti kite apatman w lan, manyen pòt apatman an ak pwanyè pòt la anvan pou w santi si gen chalè. Si yo pa cho, louvri pòt la tou piti epi tcheke koulwa a pou wè si gen lafimen, chalè oswa dife.
- Si ou ka sòti san danje nan apatman w lan, swiv machaswiv yo ki anwo a pou yon dife ki pran nan apatman w lan.
- Si ou pa ka sòti san danje nan apatman w lan oswa nan biling ou an, rele 911 epi di yo adrès ou, etaj ou, nimewo apatman ou an ak kantite moun ki nan apatman w lan.
- Byen bouche twou ki nan pòt yo ki mennen nan apatman w lan ak sèvyèt oswa dra ki mouye, epi bouche kanal lè yo oswa lòt ouvèti kote lafimen ka antre.
- Louvri fenèt yo distans kèk pouz anlè ak anba sof si gen flanm dife ak lafimen k ap soti pa anba. Pa kraze okenn fenèt.
- Si kondisyon nan apatman an sanble ta menase lavi, louvri yon fenèt epi sekwe yon sèvyèt oswa yon dra pou fè jès pou ponpye yo ka wè w.
- Si kondisyon lafimen yo vin pi mal anvan èd rive, kouche plat atè a epi respire vyek ti souf nan nen ou. Si sa posib, pran refij sou yon balkon oswa galri ki pa mele ak sous lafimen an, chalè a oswa dife a.

Si se pa nan apatman w lan dife a ye (nan BILDING KONBISTIB OSWA KI PA KA REZISTE A DIFE YO):

- Manyen pòt ak pwanyè pòt apatman w lan pou w santi si gen chalè. Si yo pa cho, louvri pòt la tou piti epi tcheke koulwa a pou wè si gen lafimen, chalè oswa dife.
- Soti kite apatman w lan ak biling ou an si ou ka fè sa san danje, swiv machaswiv yo ki anwo a pou yon dife ki pran nan apatman w lan.
- Frape pòt yo sou wout pandan w ap soti kite apatman an pou w ka alète lòt moun ki nan etaj ou a.
- Si koulwa a oswa eskalye yo pa an sekirite akòz gen lafimen, chalè oswa dife epi ou gen aksè a yon sòti sekou; itilize li pou soti kite biling lan. Kontinye swiv wout sòti sekou nan ka gen dife a epi toujou pote oswa kenbe ti timoun yo.
- Si ou pa ka itilize eskalye yo oswa sòti sekou yo, rele 911 epi di yo adrès ou, etaj ou, nimewo apatman ou an ak kantite moun ki nan apatman w lan.
- Byen bouche twou ki nan pòt yo ki mennen nan apatman w lan ak sèvyèt oswa dra ki mouye, epi bouche kanal lè yo oswa lòt ouvèti kote nenpòt lafimen ka antre avèk plastik oswa tep an twal (dòktep).
- Louvri fenèt yo distans kèk pouz anlè ak anba sof si gen flanm dife ak lafimen k ap soti pa anba. Pa kraze okenn fenèt.
- Si kondisyon nan apatman an sanble ta menase lavi, louvri yon fenèt epi sekwe yon sèvyèt oswa yon dra pou fè jès oswa sifle yon siflèt pou ponpye yo ka wè w.
- Si kondisyon lafimen yo vin pi mal anvan èd rive, kouche plat atè a epi respire vyek ti souf nan nen ou. Si sa posib, pran refij sou yon balkon oswa galri ki pa mele ak sous lafimen an, chalè a oswa dife a.

2. Èd pou evakye

Si w ap bezwen èd pou evakye kite biling lan, ou ta dwe kreye yon plan davans epi fè aranjman pou w gen yon rezo sipò pou asire w ap kapab soti. Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade nan Seksyon 2 a, Moun ki Bezwen Èd yo.

Lè w ap kreye plan w lan, konsidere faktè sa yo:

- Pwoblèm ki konn rive pi souvan nan evakyasyon se moun ki pa kapab mache oswa ki gen difikilte pou mache. Yo ka itilize asansè pou evakye bilding lan nan pifò ijans, men yo pa ka itilize l pandan yon dife oswa yon pàn kouran.
- Deplase anndan bilding lan pou al nan etaj ki anba kote ki pran dife a oswa ijans ki pa dife a ka ase pou pwoteje ou kont mal.
- Si ou itilize yon chèz woulant, twotinèt oswa lòt aparèy a motè, konsidere mete yon chèz woulant ki lejè oswa chèz evakyasyon nan apatman w lan pou fè li pi fasil pou lòt moun ede ou lè yo pa ka itilize asansè a. Montre moun ki pral ede w la kijan li fonksyoné.
- Li difisil pou pote yon moun desann mach eskalye sou plizyè etaj, nan pi bon ka. Si ou menm ak moun ki ka ap ede w la panse li ka fè sa a, chache konnen diferan fason yo ka pote moun. Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade nan Seksyon 7 la, Resous yo pou prepare pou Ijans.

Kòm yon dènye rekou, si ou pa kapab evakye, pran refij nan zòn ki pi an sekirite ki pa mele ak dife a oswa ak lòt ijans. Sa a ta ka apatman w lan, apatman yon vwazen, oswa menm mach eskalye a. Gen kèk nouvo bilding ki ka gen yon chanm toupre eskalye a ki fèt kòm yon refij epi ki gen yon telefòn ladan l. Rele 911 (oswa fè lòt moun rele 911) pou fè konnen sitiyasyon ou.

B. Ijans medikal yo

Pran yon ti moman pou w planifye davans pou yon ijans medikal. Kisa ou ta dwe fè si ou menm, yon manm fanmi ou oswa yon vwazen ou gen yon pwoblèm medikal ki mande transpò ijans nan anbilans pou ale nan yon lopital?

Byen konnen siy avètisman yon ijans medikal ak enfòmasyon operatè 911 la ap mande w pou bay. Kenbe nimewo telefòn yon moun ou ka rele pou rankontre sekouris ki reponn pou ijans yo epi mennen yo dirèkteman kot pasyan an.

1. Siy avètisman yo. W ap jwenn deseri siy avètisman pou yon ijans medikal anba la a:

- Boule oswa respire lafimen
- Plede senyen san rete
- Pwoblèm pou respire, tankou difikilte pou respire oswa soufkout
- Chanjman nan sitiyasyon mantal, tankou konpòtman ki dwòl, konfizyon, difikilte pou reveye
- Doulè nan pwatin
- Toufe
- Ap touse oswa ap vomi san
- Endispoze oswa pèdi konsyans
- Santi w anvi swiside oswa touye moun
- Blesi nan tèt oswa nan kolòn vêtebral
- Vomisman ki grav oswa ki pèsistan
- Doulè bridsoukou, ki grav nenpòt kote nan kò a
- Vètij toudenkou, feblès, oswa chanjman nan kapasite pou wè
- Vale yon sibstans pwazon
- Doulè nan pati anwo vant lan

2. Rele 911. Si oumenm oswa yon moun lakay ou ta genyen nenpòt nan sentòm yo ki anwo a, rele 911 imedyatman. Pare pou w bay operatè 911 la enfòmasyon sa yo:
 - Adrès biling lan, ki gen ladan non kwazman ri ki pi pre a ak nimewo apatman an.
 - Pi bon kote pou antre nan biling yo dwe itilize pou rive kote w ye a.
 - Kantite moun ki malad ak kote egzak ou ye anndan oswa deyò biling lan.
 - Plent prensipal ou ak/oswa kondisyon aktyèl (pa egzanp ap senyen, ap respire/p ap respire, konsyan/endispoze, elatriye).
 - Nenpòt andikap moun ki reponn ijans yo ta dwe konnen, tankou soud, avèg oswa pa wè byen, oswa yon andikap koyitif ki pral afekte kapasite sekouris ki reponn ijans yo pou yo kominike avèk ou.
 - Fè yon manm fanmi/moun lakay ou rete avèk ou.
3. Enfòme anplwaye biling lan. Apre w fin rele 911, fè anplwaye biling lan yo konnen ou te rele 911 pou mande yon anbilans. Mande yo pou yo rankontre sekouris ki reponn a ijans yo, kite yo antre nan biling lan epi ede yo jwenn apatman w lan. Si ou pa genyen oswa ou pa ka rive jwenn anplwaye biling lan, mande yon manm fanmi oswa yon vwazen pou l al rankontre ak ede sekouris ki reponn a ijans yo.

C. Ijans sèvis dlo, gaz ak kouran yo

Pami entèripsyon sèvis dlo, gaz ak kouran yo genyen, pàn kouran (blakawout), degajman gaz kabonik, fwit gaz ak fwit dlo. Yo ka afekte yon sèl apatman, biling lan oswa blòk la oswa tout vil la.

1. Pàn kouran yo

Preparasyon davans:

- Toujou gen flach ak pil derezèv nan apatman w lan.
- Evite itilize bouji, sa ki ka lakoz dife pran. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou itilize bouji yo san danje, gade nan Seksyon 7 la, Resous yo pou prepare pou Ijans.
- Si ou konte sou ekipman medikal ki mande pou gen kouran elektrik, eseye jwenn yon sous kouran bakòp. Mande konpayi sèvis dlo, gaz, ak kouran w lan si ekipman medikal ou a kalifye pou ou enskri nan lis kòm yon kliyan ki gen ekipman ki kenbe lavi (LSE) yo pral kontakte nan ka ta gen ijans kouran. Gade nan Seksyon 7 la, Resous pou Preparasyon pou Ijans.
- Toujou asire telefòn selilè ou gen chaj. Si ou gen yon batri pòtab, toujou asire l chaje nèt tou.

Nan moman pa gen kouran an:

- Rele konpayi sèvis kouran w lan imedyatman pou rapòte pàn lan. Gade nan Seksyon 7 la, Resous pou Preparasyon pou Ijans.
- Etènn tout aparèy yo ki pral aktive otomatikman lè sèvis la retabli, pou evite yon sitansyon ki ka fè dega nan sikwi elektrik ou a ak nan aparèy ou yo.
- Kite pòt frijidè ak frizè yo fèmen nan mezi sa posib pou evite pwodui ki anndan yo gate.
- Pa itilize dèlko andedan kay la. Yo ka kreye nivo deseri monoksid kabòn ki danjere.
- Pa sèvi ak aparèy chofaj ki mache ak pwopàn oswa kewozèn oswa recho babekyou andedan kay la.

2. Degajman gaz monoksid kabòn

Monoksid kabòn (CO) se yon gaz ki san koulè, san odè ke aparèy ak ekipman yo ki boule gaz (tankou recho, founo ak aparèy chofaj dlo cho), chemine ak monflè veyikil a motè yo pwodui. Monoksid kabòn ki pwodui nan aparèy sa yo ta dwe degaje deyò pa mwayen yon chemine, tiyo vantilasyon oswa lòt mwayen. Yon chemine oswa tiyo vantilasyon ki bloke oswa ki fele ka pèmèt monoksid kabòn antre nan biling lan, pafwa anpil etaj soti depi nan sous la.

Sentòm anpwazònman monoksid kabòn yo tankou sentòm grip la yo. Yo ka gen ladan tètfèmal, vètij, fatig, doulè nan pwatrin, vomisman. Si yo pa trete l san pèdi tan, sa ka lakòz lanmò.

SI W SISPÈK ANPWAZÒNMAN MONOKSID KABÒN:

- Louvri fenèt yo.
- Evakye kite biling lan.
- Rele 911 dèke ou rive nan yon kote ki an sekirite.
- Rele konpayi sèvis dlo, gaz, ak kouran lokal ou a.

3. Fwit gaz

Anpil apatman sèvi ak gaz natirèl ki soti nan tiyo depi nan lokal founisè a pou yo kwit manje ak seche rad. Gaz natirèl yo ka pran dife ak eksplode. Si gen fwit epi l al kolekte nan yon apatman oswa nan yon chanm, yon etensèl ka limen li, sa k ap lakòz yon eksplozyon ak yon dife.

Founisè sèvis yo bay tiyo gaz natirèl yo yon odè distenk, yon odè "ze pouri". Si ou pran sant gaz natirèl:

- Pa sèvi ak okenn switch limyè oswa aparèy elektrik nan apatman an, ki gen ladan telefòn selilè ou. Nenpòt etensèl ta ka lakòz yon dife.
- Pa fimen epi imedyatman etenn nenpòt materyèl pou fimen.
- Evakye kite biling lan, pran tout manm fanmi ou/moun lakay ou.
- Rele 911 pou rapòte ijans lan lè w deyò a.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou eksplozyon biling yo, gade nan Seksyon 6(F) la.

4. Fwit dlo oswa pa gen dlo

Dlo k ap koule al nan fil kouran ka lakòz yon dife.

- Si gen dlo k ap koule nan apatman w lan (oswa sot nan apatman w lan al nan lòt), fè aranjman imedyatman pou yo vin repare oswa fè pwopriyetè biling lan oswa manadjè a konnen pou yo fè sa (jan sa aplikab).
- Si dlo ap antre nan fil kouran ki nan plafon an oswa nan mi yo, rele 911.
- Si ou pa gen dlo oswa presyon dlo a fèb anpil, rele 311 pou w fè konnen sa a (gade machaswiv yo ki nan paj 3 a).
- Si w gen enkyetid konsènan kalite dlo pou bwè, rele 311 pou fè konnen sa a. Siveye Notify NYC oswa estasyon radyo ak televizyon lokal yo pou konsèy ofisyèl lè gen yon ijans dlo potab toupatou.
- Si ou wè dlo k ap soti anba tè monte sou tè oswa sou wout la, oswa ou sispèk yon konduit dlo prensipal ki kase, rele 311.

D. Ijans move tan yo

1. Chalè ekstrèm

Pandan yon vag chalè apatman w lan ka pa an sekirite si li pa gen èkondisyone. Tibebe, granmoun aje ak moun ki malad yo patikilyèman vilnerab a efè chalè ekstrèm.

Siveye Notify NYC ak estasyon radyo ak televizyon lokal yo pou avètisman sou chalè ekstrèm yo.

NAN YON IJANS CHALÈ EKSTRÈM:

- Lè pwopriyetè biling lan otorize, achte ak enstale youn oswa plizyè èkondisyone. Enstale èkondisyone yo sèlman si fil kouran ki nan apatman an yo ka bay kouran yo bezwen an kòmsadwa. Asire w ke èkondisyone ou achte yo pa bezwen plis kouran pase entansite fil elektrik yo ki nan apatman w lan ka bay. Yon moun ki resevwa fòmasyon ki gen konesans nan domèn lan ta dwe enstale èkondisyone yo pou asire ke yo byen fikse nan biling lan epi yo pa mete lòt moun k ap pase anba yo an danje.
- Pase mezi tan posib, sitou pandan lajounen, nan yon kote ki gen èkondisyone. Sa a ta ka kay yon zanmi oswa kay yon vwazen ki nan apatman an, nan yon restoran oswa yon magazen, oswa yon sant refwadisman.
- Pandan ijans chalè yo, Vil New York ouvri deseri sant refwadisman nan enstalasyon piblik ki gen èkondisyone yo. Pisin piblik yo ka disponib tou. Rele 311 oswa jwenn kote opsyon NYC Cool yo ye nan <https://finder.nyc.gov/coolingcenters/> pandan yon ijans chalè pou w jwenn yon sant refwadisman lokal oswa yon pisin.
- Evite fè aktivite ki entans.
- Bwè anpil dlo. Evite bwè alkòl ak bwason ki gen kafeyin.
- Konsève kouran: si ou gen yon èkondisyone, fikse li nan 78 degré pou piti pandan yon vag chalè lè ou nan apatman w lan, epi fèmen aparèy ki pa esansyèl yo.

2. Tanpèt nèj yo ak lòt tanpèt move tan ivè yo

An jeneral, yo konseye popilasyon an pou y al pran refij lakay yo pandan yon tanpèt nan sezon ivè. Biling apatman yo anjeneral bay yon anviwònman ki an sekirite pandan tanpèt yo epi moun yo ka rete andedan lakay yo pandan plizyè jou si sa nesesè si yo fè ase pwovizyon pou manje ak lòt materyèl.

3. Gwo lapli, tanpèt kotyè ak siklòn yo

Nan dènye ane ki sot pase yo, gwo lapli te lakòz inondasyon sanzatann nan NYC, kote yo te inonde lari, tren sòbwèy, ak apatman ki nan sousòl yo. Apatman ki nan sousòl yo ak nan lòt zòn ki ba yo nan risk pou yo inonde lè gen gwo lapli. Fè plan pou evakye kite apatman ki nan sousòl ou a anvan yon tanpèt yo prevwa ki pral lakòz inondasyon, oswa chèche refij nan yon etaj ki pi wo. Si w bloke anndan akoz dlo k ap monte, rele 911 pou w jwenn èd. PA eseye naje jiskaske w rive kote ki an sekirite.



Evite vwayaje si yo prevwa gwo lapli ak pandan tanpèt yo. Evite mache ak kondwi nan zòn ki inonde yo. Yon vyek ti dlo tankou nan wotè sis pouz ki an mouvman ka lage yon moun atè. Sis pouz dlo pral rive nan pati anba pifò machin yo, sa ki lakòz yo pèdi kontwòl epi gen posibilite pou yo bloke. Youn oswa de pye dlo ka fè yon machin flote ale. Anpil moun mouri akoz dlo inondasyon ki te anvayi machin yo.

Si ou oblige mache nan dlo, mache kote dlo a pa an mouvman oswa sèvi ak yon baton pou tcheke si wout ou pran an sekirite. Pa antre nan estasyon tren sòbwéy ki inonde oswa nan biling ki antoure avèk dlo inondasyon.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb NYCEM lan nan:

<https://www.nyc.gov/site/em/ready/flooding.page>.

Nan kèk ijans move tan ekstrèm, tankou siklòn yo, Vil la ka bay lòd pou moun evakye kite zòn yo. Si w ap viv nan yon biling ki wo, sitou si w nan 10yèm etaj la oswa pi wo, rete lwen fenèt yo nan ka yo kase oswa kraze, oswa deplase al nan yon etaj ki pi ba.

Preparasyon davans:

- Anvan yon tanpèt kotyè oswa yon siklòn, chèche konnen si w ap viv nan youn nan zòn evakyasyon lè gen siklòn nan Vil New York la yo. Gade nan Seksyon 7 la, Resous pou Preparasyon pou Ijans, oswa al sou NYC.gov/knowyourzone.
- Prepare kay ou. Sekirize objè ki deyò, byen fenèt fèmen ak pòt deyò, deplase atik ki gen anpil valè yo al met nan etaj ki anwo yo, epi plen dèlko ou a gaz.
- Mete valiz tou pare ou a prè.
- Konnen ki kote ou prale nan ka yo bay lòd pou evakye. Rete ak fanmi w oswa zanmi w oswa rele 311 pou w jwenn enfòmasyon anvan, pandan oswa apre tanpèt la.
- Si yo mande w pou w evakye, fè sa jan yo mande w la. Itilize transpò piblik si sa posib. Sonje transpò piblik ka kanpe pandan plizyè èdtan anvan tanpèt la rive.
- Si ou bezwen itilize asansè a pou evakye epi ou nan yon zòn evakyasyon, asire ou evakye anvan sèvis asansè a kanpe pou pwoteje asansè yo kont inondasyon.

Pwopriyetè biling yo oblige afiche pano nan lòbi biling lan oswa nan espas komen an davans (si sa posib) nan yon ijans move tan si yo pral kanpe sèvis asansè a. Lè pwopriyetè/dirijan biling lan bay notifikasyon davans, sa ka ede asire ou resevwa notifikasyon ki apwopriye. Gade nan Seksyon 2 a, Moun ki Bezwen Èd yo.



- Chaje telefòn selilè ou ak lòt aparèy pòtab yo epi ajiste reglaj frijidè a nan yon tanperati ki pi frèt pou w prepare pou si yo ta pran kouran.

Pandan tanpèt la:

- Rete enfòme. Koute previzyon metewo lokal yo ak anons ofisyèl yo. Abòne epi kontwole Notify NYC nan <https://a858-nycnotify.nyc.gov/notifynyc/>.
- Rete andedan kay. Si w ap viv nan yon apatman ki nan sousòl, prepare w pou deplase al nan yon etaj ki pi wo pandan peryòd gwo lapli.
- Rele 911 si ou gen yon ijans medikal oswa si ou an danje akòz dega fizik ki fèt nan biling ou oswa nan apatman ou, men konnen ke yon repons ijans ka pran tan oswa ka pa disponib pandan tanpèt la.
- Si w bloke anndan akoz dlo k ap monte, deplase al nan yon etaj ki pi wo, men pa al pran refij nan yon grenye ki fèmen sof si w gen yon goyin oswa lòt zouti pou fè yon twou nan do kay la si sa nesesè. Rele 911 epi fè konnen sitiyasyon ou. Rete tann pou w jwenn èd. PA eseye naje jiskaske w rive kote ki an sekirite. Pa antre nan yon biling si li antoure avèk dlo inondasyon.
- Rete lwen fil kouran ki tonbe yo. Dlo kondui kouran.

4. Tramblemanntè yo

Byenke tranblemanntè yo pa konn rive souvan nan zòn Vil New York, tranblemanntè yo ka afekte zòn nou an, e moun ki abite nan biling apatman yo ak anplwaye yo ta dwe prepare yo.

Tou depan de kote li ye, menm yon ti tranblemanntè ka lakòz biling yo souke, fè dega fizik nan biling yo (ki gen ladan fele mi yo), epi lakòz objè yo deplase oswa tonbe soti nan etajè yo.

Pandan yon tranblemanntè, "bese, kouvri w epi akwoche w":

- Pran refij anba yon mèb solid (tankou anba yon tab) epi akwoche w.
- Si ou pa ka pran refij anba yon mèb, pran refij nan yon kwen akote yon mi andedan (enteryè).
- Bese atè.
- Mete bra w yo sou tèt ou ak kou ou pou w kouvri yo.
- Si ou itilize yon chèz woulant, pran refij nan yon papòt oswa akote yon mi enteryè epi bloke wou yo. Retire nenpòt ekipman nan chèz woulant lan ki pa byen fikse ladan l. Kouvri tèt ou ak nenpòt sa ki disponib pou pwoteje tèt ou kont objè k ap tonbe.
- Si ou pa kapab deplase soti nan yon kabann oswa yon chèz, pwoteje tèt ou kont objè k ap tonbe yo avèk dra epè yo oswa zòrye yo.
- Si ou deyò, ale nan yon zòn ouvè ki lwen pyebwa, poto ki pote fil kouran yo ak biling yo.
- Rete kote w ye a jiskaske tranbleman an sispann.

Ou dwe konnen ka gen plizyè replik, yo se deseri vibrasyon tranblemanntè anplis ki souvan vini apre yon tranblemanntè.

5. Tònad yo

Byenke li pa konn rive souvan nan zòn Vil New York, nan dènye ane yo, gen yon kantite tònad (ak mikworafal, yon kondisyon van parèy yo) ki te rive nan Vil New York.

Nan ka ta gen yon alèt tònad:

- Si yon tònad ap apwoche katye w la, ale imedyatman nan sousòl biling ou an. Si biling ou an pa gen sousòl, ale nan etaj ki pi ba nan biling lan.
- Rete akote mi an nan yon chanm andean oswa nan yon zòn ki lwen fenèt yo jiskaske tònad la pase.
- Evite espas anndan ak twati ki kouvri yon gwo espas ouvè, tankou lakou enteryè yo ak oditoryòm yo.
- Si pa gen okenn kote ki apwopriye pou pran refij nan biling ou an, evakye kite biling ou an pou al yon kote ki pi an sekirite, men sèlman si gen ase tan pou w rive kote a.

E. Ijans materyèl danjere yo

1. Pwodui chimik

Yon ijans materyèl danjere ka rive akoz yon aksidan, tankou yon kamyon ki chavire oswa yon eksplozyon nan yon faktori, oswa akoz aktivite kriminèl, tankou yon atak teworis.

Si pwodui chimik lan gaye nan lè a, yo ta dwe fè tout efò pou evite respire li.

Pandan ijans lan:

- Pran refij sou plas. An jeneral, li pi an sekirite pou w pran refij plas nan apatman w lan.
- Fèmen tout èkondisyone ak sistèm vantilasyon yo, fèmen fenèt yo epi bouche tout griy vantilasyon ak lòt ouvèti pou pa kite lè deyò a antre nan apatman w lan.
- Siveye Notify NYC ak estasyon radyo ak televizyon lokal yo pou plis enfòmasyon.

Si ou toupre zòn kote pwodui chimik lan te degaje a oswa li te antre nan apatman w lan:

- Kouvri nen w, bouch ou ak tout po w nan mezi sa posib.
- Evakye kite apatman w lan ak biling ou an si pa gen danje pou w fè sa. Si w pa ka fè sa, ale nan yon chanm anndan, tankou yon twalèt epi bouche twou nan fenèt yo ak pòt yo.

Yon fwa yo te rezoud ijans lan, si ou te ekspoze a pwodui chimik lan, oswa li kontamine w:

- Koute machaswiv otorite biblik yo ak/oswa premye sekouris yo bay.
- Dekontamine tèt ou dèke ou rive nan yon zòn ki pwòp. Jwenn èd medikal si sa nesesè.

Siveye Notify NYC pou jwenn konsèy si materyèl danjere ki degaje yo afekte rezèv dlo a oswa rezèv manje a.

2. Aparèy Dispèsyon Radyolojik (RDD)

Aparèy dispèsyon radyolojik (RDD) yo itilize eksplozif konvansyonèl ak materyèl radyo-aktif. RDD yo pa kapab kreye yon eksplozyon nikleyè: se pa zam nikleyè yo ye. Yo fèt pou lakòz panik ak deranje lavi chak jou.

RDD yo ka kouvri yon gwo zòn ak materyèl radyo-aktif danjere. Materyèl radyo-aktif ki gaye nan yon RDD ka rete tankou pousyè sou rad ou, kò ou, ak lòt objè.

Si ou deyò, imedyatman pran refij nan biling ki pi pre a san danje epi siveye Notify NYC (ak estasyon radyo ak televizyon lokal yo, si genyen ki disponib) pou plis enfòmasyon ak machasiv.

Si oumenm oswa fanmi ou toupre kote yon eksplozyon RDD ki konfime, swiv etap ki anba yo pou diminye nenpòt ekspozisyon potansyèl a radyasyon. Pa ale nan yon lopital sof si ou gen yon ijans medikal.

- Retire premye kouch rad ou a ak soulye w yo. Sa ka retire jiska 90% nenpòt materyèl radyo-aktif ki genyen. Pa souke oswa bwose pousyè a.
- Mete rad ak soulye ki te sou ou yo nan yon sachè plastik oswa lòt vesò ki byen fèmen epi kite yo lwen moun ak bèt kay, men pa mete yo nan fatra a.
- Mouche nen ou dousman epi siye je ou ak zòrèy ou avèk yon twal mouye ki pwòp.
- Pran yon douch epi byen savonen kò w. Lave kò w delatètopye. Evite grate po w. Lave cheve ou ak chanpou sèlman. Pa sèvi ak rens paske li ka lakòz materyèl radyo-aktif la rete kole sou cheve ou ak sou po ou.
- Si ou pa ka pran douch, itilize yon twal oswa yon ti sèvyèt ki sèch oswa ki mouye pou netwaye kote rad ou pa t kouvri po w, tankou figi ou ak men ou. Mete twal oswa ti sèvyèt ki itilize a nan yon sachè oswa nan yon vesò ki byen fèmen menm jan ou te fè ak rad ki kontamine ou yo.
- Mete nenpòt rad ak soulye ou genyen ki pa kontamine avèk pousyè a sou ou. Si sa nesesè, prete rad nan men yon vwazen.
- Yo ta dwe siye tout aparèy ak ekipman pèsonèl ki ka te ekspose a materyèl radyo-aktif, sitou chèz woulant ak lòt ekipman mobilite yo ak yon twal oswa ti sèvyèt ki mouye. Asire ou ke ou netwaye wou yo. Lave men ou apre sa.
- Lave bèt kay yo ak bèt sèvis yo ak chanpou pou dekontamine yo. Ou pa bezwen koupe pwal yo.

F. Eksplozyon/efondreman biling lan

Rezon ki konn fè yon biling eksplode pifò fwa se yon fwit gaz. Gade nan Seksyon 6(C)(3) a, Fwit gaz.

Biling yo ka konn eksplode tou akòz ekipman ki pa fonksyone byen oswa aktivite kriminèl.

Eksplozyon ka lakòz biling yo, oswa deseri pati nan biling yo, tonbe. Chanjman nan estrikti biling lan ki ilegal oswa ki mal fèt konn lakoz biling lan efondre tou.

Biling ki fèt ak meteryèl konstriksyon ki ka reziste a dife (ki gen estrikti ki fèt an beton oswa an asye) gen mwens chans pou yo tonbe, eksepte nan sikontans ekstraòdinè.

Si gen yon eksplozyon nan biling apatman w lan:

- Eseye detèmine gravite dega ki fèt nan biling lan (tankou plafon oswa mi yo tonbe oswa fele, nwaj pousyè, oswa gaz ki santi fò) epi si ou an danje imedyda.
- Si kondisyon yo pèmèt, evakeye kite biling lan byen vit ak byen kalm nan mezi sa posib.



© FDNY 2018

- Rele 911 dèke ou nan yon kote ki an sekirite.
- Si ou pa ka evakye san danje oswa ou pa sèten pa gen danje pou evakye, rele 911 epi swiv enstriksyon yo bay yo.
- Si gen posiblité pou mi yo oswa plafon yo tonbe, rantre anba yon mèb solid (tankou anba yon tab).

Si gen yon efondreman nan biling ou an epi debri yo bloke w:

- Kouvri nen ou ak bouch ou ak yon twal oswa yon rad ki sèch.
- Fè mwens deplasman posib pou evite fè pousyè, ki ka danjere epi fè li difisil pou w respire.
- Frape yon tiyo oswa yon mi pou sekouris yo ka tande kote w ye a. Itilize yon siflèt si genyen ki disponib.

G. Teworis

Objektif prensipal yon teworis se kreye laperèz. Avèk enfòmasyon egzak ak preparasyon debaz pou ijans, ou ka lite kont yo. Al sou PlanNowNYC, yon sit entènèt Jesyon Ijans NYC ak lòt ajans repons ijans Vil la yo kreye pou ede rezidan New York yo prepare pou atak teworis. Gade nan Seksyon 7 la, Resous pou Preparasyon pou Ijans.

1. Konnen reyalite yo epi aji nan fason responsab

- Sonje teworis ka pran anpil fòm diferan. Lè w ap prepare pou ijans dife ak ijans ki pa dife yo dekri pi wo a, ou pral prepare tou pou atak teworis yo.
- Konnen reyalite yo nan yon sitiyasyon epi panse nan fason kritik. Itilize divès sous enfòmasyon serye, tankou gouvènman an oswa medya yo pou w konfime repòtaj yo. Pa gaye rimè.
- Pa aksepte pake nan men etranje, epi pa kite valiz oswa sachè nan zòn piblik tankou nan sòbwèy a san w pa veye sou yo.
- Si ou resevwa yon pake oswa yon anvlop ki sispèk, pa manyen li. Rele 911 epi avèti otorite Vil la yo. Si ou te manyen pake a, lave men ou ak savon ak dlo imedyatman. Li ti konsèy Sèvis Lapòs Etazini bay pou idantifye pakè ki sispèk yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade nan Seksyon 7 la, Resous yo pou prepare pou Ijans.

2. Ijans nan ka fiziyad aktif yo

Nan yon ijans fiziyad aktif, youn oswa plizyè moun ame antre nan yon biling oswa yon lòt kote avèk entansyon pou yo tire plizyè moun, anjeneral owaza.

Ensidan fiziyad aktif yo jeneralman asosye ak biling ak lokal piblik yo, pa nan biling apatman yo. Men, yon ijans fiziyad aktif ka rive nan oswa ozalantou biling apatman w lan, oswa kote w ap travay, fè makèt, oswa pase tan Iwazi. Li enpòtan pou ou konprann kijan pou w reponn a ijans sa yo.

PANDAN YON IJANS NAN KA FIZIYAD AKTIF, YO REKÒMANDE POU OU:

1. Evite (Kouri). Retire kò w kot tirè a ye a, si ou kapab. Kite zafè pèsònèl ou yo dèyè.
2. Barikade (Kache). Si ou pa ka kite kote w ye a san danje, ale nan yon apatman oswa nan yon lòt chanm. Fèmen pòt la ak/oswa blòke li ak gwo objè lou pou rann li difisil pou antre. Kache dèyè yon gwo objè solid si sa posib, nan ka bal yo ta pèse pòt la oswa mi an. Etènn nenpòt aparèy k ap fè bri epi rete an silans. Mete telefòn selilè ou ak lòt aparèy yo sou silans, pa mete yo sou vibrasyon.
3. Konfwonte (Goumen). Si ou menm ak lòt moun pa ka kite kote w ye a san danje epi pa gen okenn kote pou n kache, oswa tirè a antre nan apatman w lan oswa kote w kache a, itilize tout sa ou kapab pou defann tèt ou. Kowòdone aksyon ou yo ak lòt moun, si sa posib. Angaje w nan aksyon w pran yo epi aji nan fason agresif. Enpwovize zam ak objè pou w voye. Rele anmwey.
4. Rele 911 dèke pa gen danje pou w fè sa.



Anplwaye fòs lapolis yo ki reponn a yon ensidan fiziyad aktif yo pral konsantre sou idantifye ak netralize tirè a (yo). Ofisyè lapolis yo pral gade men tout moun yo rankontre, ni pou idantifye tirè a ni pou pwòp sekirite pa yo.

1. Pa kenbe anyen nan men w epi leve de men w anlè. Pa pote okenn atik yo ta ka konfonn ak yon zam oswa yon aparèy danjere.
2. Pa aji nan yon fason ki ka lakòz yon ofisyè lapolis konsidere w kòm yon menas. Pa fè okenn mouvman sanzatann. Rete a distans. Pa kouri nan direksyon pou ofisyè lapolis yo oswa trape yo.
3. Anplwaye fòs lapolis ou rankontre an premye yo gendwa pa la pou bay èd medikal. Si sa posib, ale nan yon zòn ki pi an sekirite anvan ou mande èd.
4. Yo ka pa otorize w kite sèn ensidan an imedyatman. Atann yo ka arete w pou yo poze w kesyon.

7. RESOUS YO POU PREPARE POU IJANS

Enfòmasyon debaz sou preparasyon pou ijans

Notify NYC: Al sou NYC.gov/NotifyNYC pou w abòne nan Notifye NYC pou w ka resevwa notifikasyon, swiv @NotifyNYC sou Twitter, kontakte 311, oswa jwenn aplikasyon gratis ki adapte pou aparèy Apple oswa Android ou a:

<https://a858-nycnotify.nyc.gov/notifynyc/>

Ready New York (Jesyon Ijans NYC): Gid Ready New York yo ofri konsèy ak enfòmasyon pou tout kalite ijans. Enfòmasyon ki nan gid sa yo disponib nan plizyè lang ak nan fòma odyo:

<http://www1.nyc.gov/site/em/ready/guides-resources.page>

Gid pou Redwi Risk ou (Jesyon Ijans NYC): Gid sa a dekri mezi mèt pwopriyete yo ka pran pou prepare yo pou redui danje — deseri mezi ki ratab ak dirab yo te pran pou redui risk alontèm pou lavi moun oswa pwopriyete yo kont danje:

http://www1.nyc.gov/site/em/ready/guides-resources.page#reduce_your_risk

Enfòmasyon pou Moun ki Abite nan Apatman yo (Depatman Prezèvasyon ak Developman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) NYC): Sit entènèt HPD a dekri fason lokatè apatman yo ka prepare pou ak reponn a ijans move tan, katastwòf natirèl, danje, ak pàn kouran yo. Sit entènèt yo gen ladan tou enfòmasyon sou obligasyon legal pwopriyetè yo genyen pou kenbe kondisyon abitab nan biling rezidansyèl yo, tankou konsènan dega ki gen rapò ak tanpèt oswa lòt dega yo:

<https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/disaster-response.page>

Moun ki bezwen èd

Moun ki gen pwoblèm sante (Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health & Mental Hygiene, DHMH) NYC). Sit entènèt Depatman Sante a konsantre sou ijans sante yo men li dekri tou kijan pou prepare pou nenpòt ijans si ou gen deseri pwoblèm sante presi tankou moun ki nan dyaliz ak moun ki gen mobilite limite:

<http://www1.nyc.gov/site/doh/health/emergency-preparedness/individuals-and-families-dme.page>

Kijan pou w enskri nan lis kòm yon kliyan ki gen ekipman ki kenbe lavi: Sèvis Espesyal Con Edison yo, 1-800-752-6633 (TTY: 1-877-423-4372) ak sit entènèt:

<https://www.coned.com/en/accounts-billing/payment-plans-assistance/special-services>

Pwogram Swen Kritik PSEG (kliyan Rockaways yo): 800-490-0025 ak sit entènèt:

<https://www.psegliny.com/myaccount/customersupport/customerassistanceprograms/criticalcareprogram>

Sèvis Kliyan National Grid NYC (kliyan Brooklyn, Queens, ak Staten Island): 718-643-4050 (oswa rele 711 pou Sèvis Relè Eta New York)

Sèvis Kliyan Nasyonal Grid Long Island (kliyan Rockaways yo): 800-930-5003.

NYC 988: Pou enfòmasyon sou sante mantal, jwenn yon referans, oswa si w bezwen pale ak yon moun, rele NYC 988, Liy Dirèk Konfidansyèl pou Sante Mantal nan Vil New York la, 24 èdtan: rele 988 nenpòt lè oswa al sou sit entènèt la:

<https://nyc988.cityofnewyork.us/en/>

Sekirite kay ak fason pou anpeche dife

Home Safety:

Alam lafimen ak Detektè Monoksid Kabòn yo (Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Department of Housing Preservation and Development, HPD) NYC): Sit entènèt HPD a gen enfòmasyon sou obligasyon legal pwopriyetè yo ak lokatè yo pou enstale ak antretni alam lafimen ak detektè monoksid kabòn yo:

<https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/smoke-carbon-monoxide-detectors.page>

Piblikasyon sou sekirite nan ka gen dife (Sèvis Ponpye NYC): Sèvis Ponpye a te afiche sou sit entènèt li enfòmasyon sou sekirite nan ka gen dife sou plis pase 25 sijè diferan, ki gen ladan alam lafimen ak alam monoksid kabòn yo:

<http://www1.nyc.gov/site/fdny/education/fire-and-life-safety/fire-life-safety.page>
<http://www1.nyc.gov/site/fdny/education/fire-and-life-safety/fire-safety-educational-publications.page>
<http://www.fdnysmart.org/>

Alam lafimen yo (Lakwa Wouj Ameriken): Sit entènèt Lakwa Wouj la gen enfòmasyon sou sekirite nan ka gen dife ak enstalasyon alam lafimen yo. Ajans lan ak patnè li yo pral enstale yon kantite limite alam lafimen gratis pou moun ki pa kapab peye pou y achte alam lafimen oswa pou moun ki fizikman pa kapab enstale yon alam lafimen. Lakwa Wouj enstale yon kantite limite alam espesyalize bò kabann pou moun ki soud oswa ki pa tande byen yo.

Pou enfòmasyon jeneral al sou: <https://www.redcross.org/sound-the-alarm>

Pou jwenn èd pou achte oswa enstale alam:

<http://www.redcross.org/local/new-york/greater-new-york/home-fire-safety>

Anpeche dife

Piblikasyon sou sekirite nan ka gen dife (Sèvis Ponpye NYC): Sèvis Ponpye a te afiche sou sit entènèt li enfòmasyon sou sekirite nan ka gen dife sou plis pase 25 sijè diferan, ki gen ladan konsèy sou sekirite nan ka gen dife nan zòn rezidansyèl yo, fason pou byen itilize aparèy pou etenn dife yo, sekirite lè w ap itilize bouji, ak sekirite granmoun aje yo nan ka gen dife:

<http://www1.nyc.gov/site/fdny/education/fire-and-life-safety/fire-safety-educational-publications.page>

Gid pou Konprann Kòd pou Lite Kont Dife a (Sèvis Ponpye NYC). Sèvis Ponpye a te afiche konsèy konsènan egzijans nan zafè sekirite nan ka gen dife ki tabli nan Kòd pou Lite Kont Dife nan Vil New York la ak règ Sèvis Ponpye yo, ki gen ladan sekirite lè w ap itilize bouji ak chemine dekoratif ki mache ak gaz yo (Chapit 3), sekirite pou abdenwèl yo (Chapit 8), ak anpeche danje elektrik yo rive (Chapit 6):

<https://www1.nyc.gov/site/fdny/codes/reference/reference.page>

Konnen biling ou an

Piblikasyon sou sekirite nan ka gen dife (Sèvis Ponpye NYC): Sèvis Ponpye a te afiche sou sit entènèt li enfòmasyon sou sekirite nan ka gen dife sou plis pase 25 sijè diferan, ki gen ladan konstriksyon biling lan:

<http://www1.nyc.gov/site/fdny/education/fire-and-life-safety/fire-safety-educational-publications.page>

Konstriksyon biling lan (Fondasyon FDNY): Fondasyon FDNY la se yon fondasyon ki pa pou pwofi ki ankouraje edikasyon sou sekirite dife. Sit entènèt li a gen enfòmasyon pou ede w konnen si w ap viv nan yon biling ki ka reziste a dife oswa ki pa ka reziste a dife:

<http://www.fdnysmart.org/safetytips/fire-proof-or-non-fire-proof/>

Idantifikasiyon apatman yo ak makaj ijans nan ka gen dife (Sèvis Ponpye NYC). Pou w jwenn plis enfòmasyon sou idantifikasiyon apatman ak kondisyon pou makaj ijans nan ka gen dife yo, gade nan Seksyon FC 505.3 ak FC 505.4 Kòd pou Lite Kont Dife NYC a ak seksyon 3 RCNY 505-01 ak 505-02 nan Règ Sèvis Ponpye a yo. Sèvis Ponpye a te afiche Kòd ak règleman pou Lite Kont Dife a sou sit entènèt li yo, ansanm ak yon Gid pou konprann Kòd pou Lite Kont Dife a ki gen ladan (nan Chapit 5) Kesyon Moun Konn Poze Souvan sou kondisyon sa yo. Lyen pou jwenn enfòmasyon sa a se:

<https://www1.nyc.gov/site/fdny/codes/fire-code/fire-code.page>

<https://www1.nyc.gov/site/fdny/codes/fire-department-rules/fire-dept-rules.page>

<https://www1.nyc.gov/site/fdny/codes/reference/reference.page>

Kisa ou dwe fè nan yon ijans ki gen dife oswa ki pa gen dife

Èd pou evakye: Teknik pou soulve ak pote yo (Vil Los Angeles): Diferan fason youn oswa de moun ka pote yon moun, ki gen desen ak enstriksyon yo:

<http://www.cert-la.com/downloads/liftcarry/Liftcarry.pdf>

Aparèy evakyasyon (Biwo Majistra pou Moun ki gen Andikap nan Vil New York): Vil la te afiche enfòmasyon sou chèz eskalye ak lòt aparèy evakyasyon yo, ki gen ladan kisa pou w konsidere lè w ap achte yon aparèy evakyasyon pou itilize nan biling ou an:

<http://www1.nyc.gov/site/mopd/resources/considerations-for-purchasing-an-evacuation-devise-for-use-in-your-building.page>

Pàn kouran yo. Nimewo telefòn pou w rapòte pàn kouran yo ak lòt ijans ki konsène sèvis dlo, gaz ak kouran yo se:

Nimewo ijans konpayi sèvis publik yo:

Liy dirèk Con Edison ki disponib 24 sou vennkat: 800-752-6633 (TTY: 1-877-423-4372)

Liy dirèk National Grid ki disponib 24 sou vennkat: 1-718-643-4050

Kourye oswa pakè ki sispèk yo: Sèvis Lapòs Etazini te bibliye enfòmasyon sou fason pou pwoteje tèt ou, biznis ou, ak sèvis kourye ou kont yon pakè ki gen yon bonm (eksplozif), radyolojik, byolojik, oswa menas chimik:

<http://about.usps.com/posters/pos84/welcome.htm>

Teworis

PlanNow NYC (Jesyon Ijans NYC) se sitwèb Vil la ki enfòme rezidan New York yo sou aksyon teworis potansyèl yo ak lòt ijans yo. Sitwèb entèraktif la fèt pou angaje rezidan New York yo sou senaryo ijans ki posib yo, soti nan yon ensidan fiziyad aktif rive nan yon ensidan radyolojik, byolojik oswa chimik: <https://plannownyc.cityofnewyork.us/>

Kouri Goumen Kache (Vil Houston): Vil Houston te bibliye yon vidéyo sou fason publik la ta dwe reponn a yon ensidan fiziyad aktif:

<https://www.youtube.com/watch?v=5VcSwejU2D0>

NYPD Shield (Depatman Lapolis NYC): NYPD Shield se yon pwogram Depatman Lapolis pou ede pwopriyetè biling ak lòt biznis sektè prive yo konbat teworis pa mwayen pataj enfòmasyon: <https://www.nypdshield.org/public/>

401-06 (12-06-2024 avèk kouvèti)